Qabul qilindi: 06.01.2025 Chop etildi: 28.02.2025 UDK: 796.1/.3

# MILLIY HÁM HÁREKETLI OYINLARDIŃ SPORT OYINLARI MENEN BAYLANISLI RAWAJLANIW ÓZGESHELIKLERI

***Saparbaev Esen Tajibaevich, NDPI "Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw" kafedrası assistent-oqıtıwshısı***



***https://orcid.org/0009-0009-5245-7903***
***e-mail: saparbaevesen0@gmail.com***

# MILLIY HARAKATLI O'YINLARNI SPORT O'YINLARI BILAN UYG'UNLIKDA RIVOJLANTIRISH XUSUSIYATLARI

***Saparbayev Esen Tajibayevich, NDPI "Ijtimoiy-gumanitar fanlarni masofadan o'qitish" kafedrasi assistent-o'qituvchisi***

# FEATURES OF THE DEVELOPMENT OF NATIONAL AND MOVEMENT GAMES WITH SPORTS GAMES

***Saparbaev Esen Tajibaevich, NSPI Department of Distance Learning in Social and Humanitarian Disciplines***

# ОСОБЕННОСТИ РАЗВИТИЯ НАРОДНО-ПОДВИЖНЫХ ИГР СО СПОРТИВНЫМИ ИГРАМИ

***Сапарбаев Есен Тажибаевич, преподаватель-ассистент кафедры "Дистанционное обучение социально-гуманитарных дисциплин" НГПИ***

***Annotatsiya:*** *Maqolada yoshlarning jismoniy qobilyatlarini rivojlantirishda milliy va harakatli o'yinlarning sport o'yinlari bilan rivojlantirish haqida ma'lumotlar keltirilgan.*

***Kalit so'zlar:*** *jismoniy tarbiya, o'yinlar, harakat, sport, rivojlanish, texnika, yosh avlod.*

***Abstract:*** *Currently, information is provided on the development of national and active games with sports games in the development of physical abilities of young people.*

***Key words:*** *physical education, games, movement, sports, development, technology, young generation.*

***Аннотация:*** *В статье дается информация о развитии народных и подвижных игр со спортивными играми в развитии физических способностей молодежи.*

***Ключевые слова:*** *физическое воспитание, игры, движение, спорт, развитие, технологии, молодое поколение.*

**KIRISIW.** Dene tarbiyası ham sporttı hár tárepleme rawajlandırıwǵa tiyisli Prezident pármanları hám mámleketimiz qararlarınıń ámelde nátiyjeni kórsetiwi xalıqtıń túrli qatlamları arasında dene tarbiyası hám sport háreketi sistemasınıń jetiskenligin kórsetiw ushın qolaylı sharayat jaratılıp atır. Dene tárbiyası, tálim tárbiya menen tigiz baylanıslı bolıp tabıladı. Milliy hám háreketli oyınlar arqalı jarıslar, bellesiwler waqtında sportshıda hadallıq, ullılıq, qarsılasına salıstırǵanda húrmet ham basqa intizamiy paziyletler tarbiyalanıp baradı. Dene tarbiyası ham sport shınıgıwları menen úzliksiz shuǵıllanıw intelektual rawajlanıwǵa kúshli tásir kórsetedi. Kóplegen izertlewler sonı kórsetedi fizikalıq shınıgıwlar ham sport penen shuǵıllanıw málim mugdarda sezim shólkemleri kónlikpelerin

jetilistiriwde ásirese bulshıq etler hareketi, kóriw, seziw, aqıl, oylaw jaqsı orın jaratadı.

Dene tarbiyası hám ǵalabalıq sporttı jánede rawajlandırıw shara-ilajları haqqındaǵı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 3-iyuń PQ-3031-sanlı qararı[1] hám Ózbekstan Respublikasında dene tárbiya hám sporttı jánede rawajlandırıw hám en jaydırıw is-ilajları tuwrısındaǵı 2020-jıl 24 yanvardaǵı PQ-5924-sanlı qararına [2] muwapıq salamat turmıs tárizin qaliplestiriwge, xalıqtıń ásirese, jas áwlattıń dene tárbiyası hám sport penen turaqlı shuǵıllanıwı ushın zaman talaplarına say shárt-sharayatlar jaratıw hám Ózbekstan Respublikası ministrler mekemesiniń tikkeley basshılıǵı astında oqıwshı jaslardıń kásip-óner iyelewlerinde úlken ámeliy jumıslar júritilip atır.

**ÁDEBIYATLAR ANALIZI.** Bul máseleler boyınsha jolbasshılıq etip atırǵan qánige ilimpazlar orınlarda jeterlishe kóbeydi. Usı jerde, J.T. Toshpulatov, W. N. Ibragimov, Q.Alimov (Termiz MU), A.Q.Atoev, X.A.Botirov (Buxara MU), N.T.Rafiev, R.A.Qosimova, J.E. Eshnazarov (SamMU), N.A. Meliev, B. Bwribaev, O.Muqimov (JizMPI) sıyaqlı ilimpazlardıń ilimiy-dóretiwshilik hám shólkemlestiriwshilik iskerlikleri itibarǵa ılayıq. Sonday-aq, R.Abdumalikov, R.Salomov, O.O.Polatov (ÓzMDTI), K.M. Mahkamjanov (TMPU), A.Sh.Qosimov, I.Xojaev sıyaqlı ilimpazlardıń ilimiy-ǵalabalıq monografiyaları, maqalaları da maqsetke qaratılǵanı menen itibarǵa ılayıq.

T.S.Usmanxojaev dáslepki ilimiy-izleniw jumısların háreketli oyınlarǵa baǵıshlaǵan bolıp, usı orında N. Tajiboev penen birgelikte 1963-jılda "Háreketli oyınlar" toplamın baspadan shıǵarıwǵa miyasar bolǵan. Onıń keyingi dáwirlerdegi ilimiy-pedagogikalıq iskerligi basqa mashqalalarǵa qaratılǵan bolsa da, ol háreketli oyınlardı jıynawdı dawam ettirdi. Nátiyjede "1001" (1991j), "Milliy hám háreketli oyınlar" toplamların tayarlap, Respublikamızdaǵı kóp mıń sanlı qánigelerdiń múshkilin jeńillestirdi.

**ANALIZ HÁM NÁTIYJELER.** Itibarlı tárepi sonda, "Milliy hám háreketli oyınlar" toplamı 500 ge jaqın oyınlar haqqında maǵlıwmatlardı óz ishine alǵan. Olardıń quramında 100den aslam milliy hám háreketli oyınlarınıń bar ekenligi quwanıshlı hádiyse sanaladı. Lekin, atap ótiwimiz tiyis, oyınlardıń kópshilik bólimi mektep oqıwshılarına arnalǵan. Sonday-aq, xalıq paydalanıwında bolǵan "Padanı tap", "Eshek mindi", "Qulaq soziw", "Piyada at jarıs", "Aq súyek" sıyaqlı naǵız milliy hám háreketli oyınlar itibardan shette qalıp ketken. Sonıń menen birge, usı baǵdarlamaǵa kirgizilmegen milliy hám háreketli oyınlardı izbe-iz úyreniw hám bolajaq qánigelerge tanıstırıw maqsetke muwapıq boladı.

Oyın ózin-ózi biliw quralı, oyın kúlki, dem alıw, fizikalıq hám ulıwmalıq tárbiya quralı, sport quralı bolıwı múmkin. Oyın mádeniyattıń elementi sıpatında jámiyettegi barlıq mádeniyat túrleri hám adamlardıń hár túrli talapları menen rawajlanadı: oyın-kúlki, dem alıwda, ruwxıy, aqılıy hám fizikalıq kúshtiń rawajlanıwında úlken orın iyeleydi.

Oyın iskerligi – tek ǵana mádeniyattıń bir elementi emes, al balalar hám óspirimlerdi tárbiyalawda da paydalı qural bolıp esaplanadı. Ol mudamı maqsetke baǵdarlanǵan hám túrli maqsetli jol-jorıq hámde tiykarlanǵan háreket penen ózine tán ózgeshelikti kórsetip turadı. Oyın iskerligi ásirese balalıq dáwirinde kóbirek miynet penen ulıwmalıqqa iye boladı. Biraq oyın waqtında ómirdegi talaplardı qanaatlandırıw ushın materiallıq baylıq jarata almaydı.

Milliy hám háreketli oyınlardıń ózine tán ózgesheligi onıń mazmunı hárekettiń rolin ayqın kórsetip beriwi bolıp tabıladı (juwırıw, sekiriwler, ılaqtırıw, ótiw, toptı uzatıw hám uslap alıw, qarsılıq kórsetiw hám basqalar). Bul oyınlar háreketleniw hám onıń mazmunın tiykarlap beredi. Ol oyında qoyılǵan maqsetke erisiw jolında hár qıylı qıyınshılıqlardı, tosıqlardı jeńip ótiwge baǵdarlanadı.

Oyınlar arasında haqıyqattan da milliy hám háreketli oyınlar hám sport oyınları bir-birinen parıqlanadı. Haqıyqattan da milliy hám háreketli oyınlardı oynawshılardıń ózleri erkin túrde belgilengen maqsetke shártli túrde erisiwge baǵdarlanǵan, ózinde sanalı túrde baslamashılıq islerin jámlestirgen boladı. Oynawshılardıń maqsetke erisiwinde belsendi háreket talap qılınadı, olardı orınlaw oynawshılardıń ózleriniń oylap

[1] Jismoniy tarbiya va ommaviy sportni yanada rivojlantirish chora-tadbirlari toʻgʻrisida Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining qarori, 03.06.2017 yildagi PQ-3031-son.

[2] Oʻzbekiston Respublikasida jismoniy tarbiya va sportni yanada takomillashtirish va ommalashtirish chora-tadbirlari toʻgʻrisida. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2020 yil 24- yanvardagi PF-5924-son farmoni.

tabıwına hám iskerligine baylanıslı boladı (nıshanaǵa tez júwırıp barıw, nıshanaǵa tez atıw, qarsılasına tez hám epshillik penen jetip alıw yamasa onnan ozıp ketiw hám taǵı basqalar).

Milliy hám háreketli oyınlar qaǵıydalar menen belgilenedi. Sport oyınlarınan ózgesheligi milliy hám háreketli oyınlar qaǵıydalarına sharayattan kelip shıǵıp kelisilgen túrde ózgeris kirgiziw múmkin. Oyın qaǵıydası maqsetke erisiw jolında oyındaǵı qıyınshılıqlardı hám tosıqlardıń xarakterin anıqlaydı.

Sport oyınları - bul háreketli oyınlardıń eń joqarı basqıshı esaplanadı. Bunda oyın qaǵıydası qatań belgilengen bolıp, olarda arnawlı maydan hám buyımlar talap etiledi. Sport oyınınıń ayrıqshalıǵı oyın waqtında belgili taktikada ózin tutıwı hámde quramalı háreket texnikası esaplanadı. Bul jaǵdayda oyın qatnasıwshılarınan arnawlı tayarlıq hám shınıǵıwdı talap etedi.

Geypara sport oyınlarında ayırım oyınshılardıń uqıbı bolıwı zárúr esaplanadı (hújimge, qorǵanıwǵa, dárwazaman hám t.b.). Sport oyınlarınıń ol yamasa bul oyınında qatań qaǵıydaǵa sáykes ráwishte ayrıqsha tóreshilik qılıwdı talap etedi. Ayırım sport oyınlarında oyın qatnasıwshılarınıń quramına qarap bir neshe ret (oqıwshılar yamasa jası úlkenler, er balalar yaki óspirim qızlar) ózgertiliwi múmkin.

Milliy hám háreketli oyınlardan jaslar hám balalardıń uluwma fizikalıq tayarlıq quralı esabında paydalanıladı, sonday-aq, sport oyınlarına hám basqa sport túrlerine "Alpamıs" hám "Barshınay" test sınaqların (normativlerin) tapsırıwǵa tayarlaw quralı bolıp ta esaplanadı.

Hár bir milliy hám háreketli oyın óziniń mazmunı, forması (dúzilisi) hám metodikalıq qásiyetine iye. Milliy hám háreketli oyınlardıń mazmunı tómendegilerden ibarat: tema yamasa mazmunı (kórinisli yamasa shártli oylap qoyılǵan jumıs, oyın rejesi) maqsetke erisiw ushın oyınǵa kiretuǵın háreket hám qaǵıydalar.

Oyınlardıń forması qoyılǵan maqsetke erisiw jolların keń tallaw imkaniyatlarına iye bolıwı, oyın qatnasıwshılarınıń háreketin shólkemlestiriwden ibarat. Oyın qatnasıwshıları birdey oyınlarda óziniń jeke qızıǵıwshılıǵına erisiw ushın jekke yaki topar bolıp háreket etedi, al basqalarında ózleriniń jámáátleri qızıǵıwshiıǵın qorǵaydı. Sonday-aq, oyın ushın oynawshılar hár túrli dúziliste yamasa formada (tarqalıp, sheńberde, sapta, qatarda) turadı. Oyın forması mazmunı menen baylanıslı ráwishde kelip shıǵadı.

Oyınnıń metodikalıq jaqtan ózine tán qásiyeti onıń mazmunı hám formasına baylanıslı. Milliy hám háreketli oyınlar metodikalıq tárepten ózine tán boladı:

- háreketsheńligi;
- shegaralanǵan qaǵıyda boyınsha maqsetke erisiwde erkin háreket etiw;
- qaǵıydaǵa sáykes túrde dóretiwshilik baslamashılıq penen háreket etiw;
- oyındaǵı ayrıqsha rollerdi orınlaw, onıń mazmunına muwapıqlıǵı, oyın qatnasıwshıların jámáättegi belgili dárejedegi óz-ara múnásibeti ornatıladı;
- tosattan oyında ózgerip qalıw halatı, bul oyınshılardan baslamashılıqtı, tez reakciyanı talap etedi;
- oyındaǵı jarıs elementleri oyınǵa tásirsheńlikti (emociyalıq) arttıradı hám kúshti tolıq jumsawdı talap etedi;
- oyında kelip shıǵatuǵın kelispewshiliklerdi sheshiwde qarama-qarsı tареplerdiń máplerin bir-birine qayshı qoyıw bolsa joqarı dárejedegi emociyanı payda etedi.

**JUWMAQ.** Juwmaqlastırıp aytqanımızda, milliy hám háreketli oyınları sociallıq-tárbiyalıq tárepten ayrıqsha áhmiyetke iye. Olardı oqıw orınlarında keńirek úyretiw, xalıq jasaytuǵın orınlarda arnawlı oyınlar shólkemlestiriw kerek boladı. "Shúllik","Padanı tap","Aqsúyek" sıyaqlı oyınlardıń mazmunı hám maǵanası tárepten oǵada kerekligi hám de ayırım sport túrlerinen ústin turıwın tereńirek úyreniw olardı sport dárejesine kóteriw jolların izlew kerek.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. Jismoniy tarbiya va ommaviy sportni yanada rivojlantirish chora-tadbirlari toʻgʻrisida Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining qarori, 03.06.2017 yildagi PQ-3031-son.
2. Oʻzbekiston Respublikasida jismoniy tarbiya va sportni yanada takomillashtirish va ommalashtirish chora-tadbirlari toʻgʻrisida. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2020-yil 24-yanvardagi PF-5924-son farmoni.
3. Nasriddinov F.N. Oʻzbek xalq milliy oʻyinlari. T.: 1993. – 27 b.
4. Shılmanov P. Milliy balalar oyınları. No`kis, "Qaraqalpaqstan", 1996, 23-bet.

TAMADDUN NURI